

Legendha Desa ing  
Kecamatan Dongko  
Kabupaten Trenggalek(TintingankFolklor)

**Legendha Desa ing  
Kecamatan Dongko  
Kabupaten Trenggalek (Tintingank Folklor)**

**Rino Kartikasari**

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA ( [niieenno@gmail.com](mailto:niieenno@gmail.com) )

**Abstrak**

Kecamatan Dongko minangka salah sawijine kecamatan kang manggon ing Kabupaten Trenggalek. Kecamatan iki nduweni sepuluh desa kang bisa didhudhah kepriye legendha kang ana amarga sangertine panulis durung ana kang tau nlliti babagan iki. Kecamatan iki minangka salah sawijine kecamatan kang kawentar babagan senine. Seththik ngenani legendha desa ing Kecamatan Dongko, amung sithik para muda kang mangerteni. Kahanan iki ndadekake salah sijine alesan kanggo panliti nganakake panliten ngenani legendha ing dhaerah Kecamatan Dongko, lan uga upaya kanggo ndhokumentasekake legendha desa utawa legendha ing Kecamatan Dongko minangka aset ing budaya dhaerah ing Indonesia mligine kutha Trenggalek.

Underaning panliten sajroning panliten iki yaiku: (1) Kepriye wujud legendha desa desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek?; (2) Kepriye teges lan makna legendha desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek?; (3) Kepriye fungsi legendha desa desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek?; (4) Kepriye nilai budaya kang ana sajroning legendha desa desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek?

Adhedhasar underaning panliten ing dhuwur, mula bisa diandharake tujuwaning panliten iki yaiku: (1) Kanggo mangerteni wujud legendha desa desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek; (2) Kanggo mangerteni teges lan makna jeneng desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek; (3) Kanggo mangerteni fungsi legendha desa desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek; (4) Kanggo mangerteni nilai budaya kang ana sajroning legendha desa desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek

Paedah panliten iki kanggo nambah khazanah panliten sastra lisan. Saliyane iku, panliten iki dikarepake melu ngrembakake lan nglestarekake sastra lisan ing Indonesia umume, lan ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek mligine. Panliten iki minangka salah sawijining upaya kanggo nambahi gegambaran ngenani carita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek lan kepriye sejaraha.

Teori semantik ing kene digunakake kanggo mangerteni teges lan makna sajrone wujud carita jeneng desa. Kang kapindho fungsi legendha kang nggunakake panemune Hutomo (1991) kan merang fungsi folklor lisan iku dadi wolu, nanging kang digunakake ing kene among saperangan wae yaiku: (1) Minangka sistem proyeksi, (2) Minangka piranti panggulawentah, (3) Kanggo menehi dalan becik marang masyarakat supaya luwih tinimbang liyan. Dene kang pungkasan yaiku ngenani nilai budaya sajrone legendha desa kang nggunakake panemune Djamaris(1993). Djamaris ngandharake ana limang perangan, nanging kang digunakake among papat yaiku: (1) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo Gustine; (2) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo jagad; (3) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo manungsa liyane utawa minangka makhluk *sosial*; (4) nilai budaya gegayutane manungsa karo masyarakat.

Panliten tumrap legendha desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek iki asipat deskriptif kualitatif, yaiku panliten iki luwih nengenake asil, yaiku asil sajroning panliten iki arupa teks sajroning kajian wujud, fungsi lan nilai budaya. Data kang dikumpulake ora awujud angka-angka. Panliten iki dilakokake adhedhasar kasunyatan utawa kedadeyan kang ana, utawa kang ana ing kauripane masyarakat saengga kang diasilake arupa teks-teks lisan legendha desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek.

Asil panliten iki nuduhake anane aspek wujud, teges, makna, fungsi, lan uga nilai budaya ing legendha desa iki. Desa-desa kang ana ing Kecamatan Dongko iku nduweni legendha dhewe-dhewe. Teori semantik ing kene dianggep perlu amarga kanggo mangerteni kepriye maksud sajroning jeneng kang ana ing saben desa. Ing kene teori semantik minangka salah sawijining teori kang digunakake kanggo mangerteni jeneng desa kang ana ing Kecamatan Dongko. Teges iku dhewe yaiku perangan saka sistematikane basa kang tujuwane kanggo nggoleki teges. Ing kenen jeneng desa uga kalebu salah sawijining perangan semantik amarga sajroning jeneng iku dhewe ngandhut maksud, makna, lan teges kang kudu dimangerteni kanthi nggunakake teori semantik. Mula saka iku ing kene teori semantik digunakake kanggo mangerteni dhisik maksud lan makna sajroning jeneng desa iku dhewe.

Carita legendha desa uga nduweni fungsi kang nggunakake panemune Hutomo (1991) kang merang fungsi sastra lisan iku dadi 8, nanging kang digunakake sajrone panliten iki yaiku : (1) Minangka sistem proyeksi, (2) Minangka piranti pendhidhikan bocah, (3) Kanggo menehi sawijining dalan becik marang masyarakat supaya luwih tinimbang liyan.Dene nilai budaya kang ana ing *Legendha Desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek* yaiku (1) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo Gustine; (2) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo jagad; (3) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo manungsa liyane utawa minangka makhluk *sosial*; (4) nilai budaya gegayutane manungsa karo masyarakat

**Tembung wigati (kata kunci) : legendha, desa, fungsi, nilai, budaya**

#### A. PURWAKA

Kabudayan lair saka pamikiran lan kabiyasane urip manungsa sabendinane. Kabudayan iku asale saka basa Sanssekerta yaiku *buddayah*. *Buddayah* iku minangka bentuk jamak saka budhi kang dijlentrehake minangka akal utawa moral. Mula ing kene bisa ditegesi yen kabudayan iku minangkasakabehe tindak tandhuk kang didhasarake akal budi.

Sawijining asiling kabudayan kang isih urip lan ngrembaka ing bebrayan agung Indonesia yaiku folklor lisan. Ing Hutomo (1991: 1) ngandharake folklor lisan yaiku kasusastran kang nyakup *ekspresi* kasusastran sawijining warga ing sawijining kabudayan kang disebarake kanthi tumurun lan kanti cara lisan.

Hutomo (1991:3-4) merang folklor lisan dadi rong werna yaiku folklor lisan primer lan folklor lisan sekunder. Ciri pangenal utama folklor lisan primer yaiku; 1) ngrembakane saka lisan, tegese ekspresi budaya kang digetok tularake, saka segi wayah utawa panggon yaiku lantaran lisan, 2) lair saka masyarakat kang isih nduweni corak desa, masyarakat sanjabane kutha, utawa masyarakat kang durung kenal aksara, 3) nggambarake ciri-ciri budaya sawijine masyarakat, 4) ora dimangerteni sapa pangriptane saengga didaku duweke bebrayan agung, 5) nduweni corak puitis, tratur, lan tansah mangulang-ulang, 6) ora mentingake fakta lan bebenere, 7) nduweni saperangan versi, 8) basane nggunakake gaya basa lisan. Sajrone folklor lisan ana kang diarani crita rakyat. Crita rakyat minangka perangan saka folklor lisan, yaiku kasusastran kang isine ngandhut ekspresi kasusastran rakyat kang dicritakake saka lisan siji lan sijine (*dari mulut ke mulut*)

Crita rakyat lair, urip, lan ngrembaka ing masyarakat kanthi wujud lisan, turun-tumurun saka *generasi ke generasi*. Crita kasebut nyaritakake prastawa kang wis kedaden utawa dipitayani tau kedaden ing sawijine panggon crita kasebut lair. Kedadeyan-kedadeyan kang wis kedaden lan dianggep wigati dening masyarakat iki banjur dieling-eling kanthi wujud jeneng utawa aran, bisa aran barang, panggon, lan uga manungsa. Sakabehing jeneng utawa aran kasebut nduweni makna, senajan nduweni asal lan motif utawa tujuan kang seje-seje, ana kang nduweni tujuan minangka piweling anane kedadeyan, pangarep-arep, utawa bisa uga mung minangka tandha (Suyono, 1990: 123).

Legendha minangka perangan saka folklor lisan kang kalebu ing crita rakyat. Crita rakyat kang dianggep minangka crita anane kedadeyan kang wis nyata tau kedaden (Danandjaya, 1997:66). Lumrahe asipat migratoris, yaiku bisa pindhah nganti kawentar lan kasebar ing wujuding klompok kang sineburt *siklus*,

utawa klompok crita kang ngandharake anane paraga utawa kedadeyan tartamtu

Legendha kasebut umume ana mung crita lisan wae. Folklor lisan kaebet dimangerteni lan sinimpen ana ing *memori* para sepuh kang cacache saya sithik. Kanyatan kaya mangkono njalari wigati anggone *ndhokumentasikake* crita rakyat kasebut saengga ora ilang amarga folklor lisan dhewe nduweni piguna minangka *identitas* lan *ciri pengenal* sawijining dhaerah.

Ana saperangan legendha kang isih diugemi lan dipitayani bebrayan ing kono salah sijine yaiku legendha asale jeneng utawa arane panggon ing Kecamatan Dongko. Desa kang nduweni legendha yaiku sakabehe desa ing Kecamatan Dongko, yaiku: Desa Watuagung, Pandean, Salamwates, Ngerdani, Petung, Cakul, Siki, Dongko, Sumberbening, lan Pringapus.

Sasuwene iki crita rakyat amung disebarake liwat omongan. Crita rakyat amung ana ing pangeling-eling wong tuwa (sesepuh) kang cacache saben dina saya ilang. Pranyata sejatine crita rakyat iki uga dadi identitas *kebanggaan* sawijining dhaerah. Mula ing kene dadi salah sawijining alasan kanggo ndhokumentasikake crita rakyat supaya ora ilang.

Ana saperangan crita rakyat kang dipercaya masyarakat minangka legendha desa kang ana ing Kecamatan Dongko. Desa-desa kasebut kayata : Desa Sumberbening, Desa Dongko, Desa Siki, Desa Cakul, Desa Pandean, Desa Petung, Desa Watuagung, Desa Salamwates, Desa Ngerdani, lan Desa Pringapus.

Masyarakat ing Kecamatan Dongko isih nguri-uri papan utawa panggonan kang dianggep nduweni sejarah utawa nduweni gegayutan karo crita ngenani asal-usul desane. Masyarakat uga isih ndadekake sakabehe iku minangka panggonan kang wingit. Patilasan-patilasan iku kayata blumbangan, kali, pancuran, wit, lsp.

Sasuwene iki panliti durung mangerteni anane panliten khusus ngenani crita legendha desa kang ana ing kecamatan Dongko. Crita-crita iku amung dimangerteni para sesepuh, saengga ora mokal yen suk crita-crita iku bakal sirna utawa ilang lan ora ana kang mangerteni. Alasan kang kaya mangkene iku kang dadi alasan panliti kanggo nganakake panliten ngenani legenda asal-usul dhaerah ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek.

#### B. METODE

Metode kang digunakake ing panliten iki yaiku metode deskriptif kanthi *pendekatan* kualitatif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang ngasilake prosedur analisis

kang ora nggunakake prosedur analisis statistik utawa bisa diarani cara kuantitatif liyane (Moleong, 2009:6).

Panliten tumrap legendha desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek iki asipat deskriptif kualitatif, karepe yaiku luwih nengenake asil, lan asil saka panliten iki arupa tulisan crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto sajrone kajian struktur, fungsi, lan nile budaya. Data kang diklumpukake ora mung arupa angka-angka. Panliten iki diayahi adhedhasar *fakta* uga *fenomena* kang wis ana, kang bisa uga sacara *empiris* wis ana ing satengahe masyarakat saengga diasilake arupa teks-teks lisan crita asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang.

Tujuwan metode deskriptif yaiku nggambarake sacara trep sipat-sipate sawijining individu, utawa *gejala-gejala* kang wis kedaden lan menehi gegambaran samubarang kanthi tliti.

## A. ANDHARAN

### 1. Gegambarane Kecamatan Dongko

Kecamatan Dongko iku diperang dadi 10 desa yaiku : (1) Watuagung; (2) Pandean; (3) Salamwates; (4) Ngerdani; (5) Petung; (6) Cakul; (7)Siki; (8) Dongko; (9) Sumberbening; lan (10) Pringapus. Kecamatan dadi pameran papan pamerintahan ing sangisore kabupaten kang dumadi saka desa-desa utawa kelurahan. Kecamatan Dongko iku asale saka tembung “bendo” lan “nongko”. Bendo lan nongko yaiku wit kang ditemokake salah sawijining wong kang ngenger utawa ngumbara.

Kecamatan Dongko minangka salah sawijining kecamatan kang ana ing Kabupaten Trenggalek. Kecamatan iki ana ing sisih kidul kurang luwih 30 Km saka Kutha Trenggalek. Kahanan kecamatan Dongko yaiku sakabehe desa utawa kelurahan iku nduweni topografi pegunungan. Kecamatan Dongko minangka salah sawijining kecamatan kang wis maju. Kecamatan kang jembare watara 141.20 Ha iki wewatesan karo Kecamatan Suruh ing sisih lor, banjur sisih kidul wewatesan karo Kecamatan Munjungan, ing sisih wetan wewatesan karo Kecamatan Kampak lan pungkasan ing sisih kulon wewatesan karo Kecamatan Panggul. Masyarakat ing Kecamatan Dongko rata-rata tani, iki bisa dideleng saka 141.20 Ha kang digunakake kanggo papan tetanen yaiku 521 Ha.

### 1. Legendha Desa

Ana ing kene dijlentrehake ngenani kutipan crita legendha desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek. Anggone ngutip amung saperangan amarga mligi ing perangan kang dadi punjere crita, dadi ora kabeh asling wawancara ang utuh ditulisake ing kene. Liyane bakal bisa dideleng ing lampiran, dene ana kutipan kang nyamntumake crita kanthi utuh, iku mono tegese sakabehe crita nduweni gayutan utuh lan wigati kanggo didadekake punjer ing kutipan kasebut. Ing gisor iki diandharake dhata ngenan profil desa lan kutipan legendha desa ing kecamatan Dongko:

#### (a) Desa Watuagung

Desa Watuagung yaiku saka rong tembung, yaiku watu lan agung. Watu ing kene nduweni teges watu utawa sela. Watu utawa sela iki minangka salah sawijining asil saka *kerak bumi*. Dene agung nduweni teges gedhe. Mula ing kene bisa dideleng yen maksud jeneng Desa Watuagung yaiku watu gedhe- gedhe kang ana ing sakupenge desa. Nanging ana crita liya ngenani legendha Desa Watuagung iki, yaiku jeneng Desa Watuagung iku minangka pengarep-arep marang kahanan alam kang ana ing desa iku. Ing kene bisa dimaknai senajan kahanan alam desa akeh watune nanging masyarakat percaya yen watu-watu gedhe kang ana ing sakupenge desa mesthi nggawa rejeki. Masyarakat nduweni pangarep-arep yen watu-watu iku menehi rejeki kang gedhe marang masyarakat kang ana ing desa iku. Desa Watuagung wis kondhang yen akeh watune. Kayata watu marmer lan watu kapur kang dadi pangupajiwa saperangan masyarakat. Saka watu-watu iki pranyata bisa dadi pangupajiwa kang ngasilake dhuwit. Watu marmer lan watu kapur iki kondhang yen Desa Watuagung minangka desa kang paling akeh ngasilake watu-watu iki. Dadi ing kene bisa dideleng yen jeneng Desa Watuagung yaiku minangka tetenger anane watu-watu gedhe ing salah sawijining desa, mula desa iku dijenengake Watuagung. Jeneng Desa Watuagung iku dadi dedonga utawa pengarep-arep kang gedhe yen watu-watu iku menehi rejeki marang masyarakat kang ana ing desa iku.

#### (b) Desa Pandean

Legendha Desa Pandean iku asale saka tembung “Pande”. Ing kene pande iku nduweni teges yaiku wong kang nduweni pakaryan nggawe gegaman saka wesi. Wujud pakaryane iku ana keris, pacul,arit, glathi, lsp. Tukang pande iku luwih dikenal kanthi jeneng Mbah Pande. Saliyane nduweni pakaryan nggawe gegaman, Mbah Pande uga dadi sesepuh ing desa, dheweke uga bisa *nyuwuk* utawa nambani bocah-bocah cilik kang lara. Mbah Pande kang grapyak semanak marang sapa wae iku ndadekake masyarakat desa podho seneng marang dheweke. Mula sawise Pande iku mati, masyarakat banjur menehi julukan Desa Pande. Suwene-suwe jeneng Desa Pande iku dadi jeneng Desa Pandean nganti saprene.

#### (c) Desa Salamwates

Desa Salamwates yaiku saka salah sawijining jenis kayu kang ana ing protelon, yaiku kayu Salam. Kayu salam iki ana ing protelon kang ngubungake antarane desa siji lan sjine. Masyarakat ndadekake protelon iki dadi pasar cilik, amarga ing protelon iki akeh wong kang liwat. Wit salam kang gedhe iku didadekake

tetenger masyarakat minangka watesing antarane desa lan sijine. Mula ing kene desa iku banjur dijenengake Desa Salamwates, yaiku anane wit salam ing watesing Gembuk lan Petung. Dene makna kang ana sajroning pamenehan jeneng Desa Salamwates yaiku jeneng desa iki minangka gambaran guyub rukune masyarakat ing jaman biyen. Senajan saka desa kang beda- beda nanging masyarakat ing kene ora mbedakake siji lan sijine. Pasar ing kene minangka gegambaran nyawijine masyarakat. Wong priyayi utawa wong biyasa ing kene dadi siji yen tetukon. Wit salam ing kene minangka tetenger marang pasar kang digunakake masyarakat.

**(d) Desa Ngerdani**

Desa Ngerdani iku asale saka tembung ngreda lan mratani. Ngreda ing kene bisa ditegesi yen bisa subur makmur, loh jinawi dene mratani saka tembung rata yaiku sumebar ing ngendi-endi. Mula ing kene bisa didudut maksud jeneng Desa Ngerdani yaiku sakabehe tanduran kang subur makmur,loh jinawi lan sumebar ing ngendi-endi saengga tanduran- tanduran iki bisa mratani sakabehe masyarakat kang urip ng desa iku. Anane kahanan kang loh jinawi iki ora bisa uwal saka anane gunung-gunung ing sakupenge Desa Ngerdani. Gunung-gunung ing Desa Ngerdani Luwih jero ngenani makna jeneng Desa Ngerdani yaiku, Gusti Allah wis maringi sakabehe tanduran kang bisa tuwuh kanthi subur makmur loh jinawi. Mesthine masyarakat kang urip ing Desa Ngerdani tansah konjuk syukur marang sakabehe tanduran kang ngreda lan bisa mratani masyarakat ing desa iku.

**(e) Desa Petung**

Desa Petung iki saka akehe wit pring petung ing desa iku. Wit pring petung iku minangka salah sawijining jinis saka wit-witan kang akeh gunane. Mula ing kene bisa dimangerteni maksud pamenehan jeneng Desa Petung iki minangka kanggo tetenger anane akehe seminan pring petung kang mruyuk ing desa iku. Dene makna kang bisa dipethik saka jeneng Desa Petung yaiku saka pring petung iku dikarepake masyarakat bisa migunani kaya pring petung. Pring petung iki wiwit isih enom utawa kang diarani bung (*rebung*) bisa dimasak, yen wis tuwa bisa digawe gedhek, usuk omah, digawe ragangan layangan utawa digawe jaranan. Mula masyarakat kang ana ing desa iki sejatine luwih bisa nuladhani sipat saka pring petung iku kang bisa migunani marang bebrayan. Yen wit-witan wae bisa migunani, kudune manungsa luwih bisa migunani marang sakabehe makhluk kang ana.

**(f) Desa Cakul**

Buta Cakil minangka salah sawijining paraga kang kondhang ing jagad pewayangan. Dheweke salah sawijining paraga kang antagonis. Cakil nduweni watak ora bisa meneng, lan ora nduwe unggah-ungguh. Salah sawijining tandha kanggo nengeri Buta Cakil yaiku untune kang nyakil utawa njathil. Mula ing kene bisa disimpulake yen legendha Desa Cakul yaiku saka salah sawijining paraga ing pewayangan yaiku Buta Cakil. Buta Cakil nduweni sipat kang ala, yaiku seneng nyakili wong liya utawa seneng nggawe larane wong liya. Mula ing kene kang dimaksud jeneng Cakul yaiku saka jeneng salah sawijining Buta Cakil. Ing kasunyatan biyen Desa Cakul iku pecah dadi loro yaiku Cakul sisih wetan lan Cakul sisih kulon. Kekarone iki ora bisa rukun. Cakul sisih kulon yaiku nyakup Dusun Nglaran, Dusun Njuron, lan Dusun Klandri. Wong kang ana ing dusun kuwi wong kang senengane marang samubarang kang maksiat, mendem, main, lan liya- liyane. Nanging yen sisih wetan, yaiku Dusun Karangsudo, Dusun Plapar lan Dusun Nglangon iku masyarakate wis ngerti agama lan kagolong masyarakat kang *agamis*. Senajan sadesa nanging Cakul sisih wetan lan Cakul sisih kulon iki kaya awan karo bengi, ora ana gathuke. Ananging suwene- suwe saiki kekarone wis bisa rukun. Masyarakat Cakul Kulon wis akeh kang sianu agama, saiki Desa Cakul uga kondhang minangka salah sawijining desa kang *agamis*. Makna jeneng desa kang dijupuk saka salah sawijining paraga wayang, Buta Cakil bisa diandharake yen sipat masyarakat kang ana ing Desa Cakul biyen nduweni sipat kaya Buta Cakil. Masyarakate seneng gawe rerusuh, seneng nyakili liyan. Nanging ing jaman saiki masyarakat kang urip ing Desa Cakul iki kagolong masyarakat kang *agamis*, pranyata sejarah desa kang peteng ing jaman biyen ora ndadekake masyarakat Desa Cakul jaman saiki nuladhani sipat masyarakat ing jaman biyen.

**(g) Desa Siki**

Desa Siki dijupuk saka jeneng kayu. Ing kene kayu kang dimaksud yaiku kayu Gondang lan kayu Resiki. Kayu Gondang lan kayu Resiki iki digambarake kaya gerbang desa, yaiku yen sisih wetan ana kayu Gondang lan sisih kulon ana kayu Resiki. Kayu loro iku dikeramatake marang masyarakat kang ana ing desa amarga umur kayu kang wis atusan taun lan kayu loro kang gedhe-gedhe iku ora ana ing papan liyane. Jeneng Desa Gondang Siki kang pungkasane dadi jeneng Desa Siki nduweni makna yen ing jaman biyen masyarakat tansah percaya yen tuwuh-tuwuhan utawa samubarang kang ana ing donya iku ana kang baureksa. Kayu Gondang lan Resiki kang dadi cikal bakal jeneng desa iki uga dipercaya masyarakat desa ana dhanyange. Dhanyang iki minangka makhluk ghaib utawa jin kang

dipercaya masyarakat bisa njaga tentreme desa. Mula ing kene masyarakat isih tansah nguri-uri papan kayu Gondang lan kayu Resiki iki.

**(h) Desa Dongko**

Jeneng Desa Dongko iku asala saka tembung “Bendo” lan “Nongko”. Dadi jeneng Desa Dongko iki asale saka anane wit loro yaiku wit bendo lan nongko kang jejer. Luwih saka iku makna kang ana sajroning crita asal- usul jeneng Desa Dongko ing kene gegayutan karo kapatuhan. Ing kene nyaritakake salah sawijining wong saka Kraton kang kepengin ngenger. Sadurunge budhal ngenger, dheweke diweling simbahe yen anggone ngenger kudu menyang wetan parane. Miturut simbahe mengko ing wetan ana wit bendo lan nongko kang jejer. Yen dheweke wis kasil nemokake wit loro iku mau, dheweke wis isa leren. Ing desa iku mau akhire dheweke nglereni lakune. Ing kene bisa dideleng yen senjata dheweke durung ngerti wujud wit bendo lan nongko kang dimaksud simbahe nanging dheweke netepi janjine marang simbahe yaiku ora bakal leren yen durung nemokake wit bendo lan nongko kang jejer.

**(i) Desa Sumberbening**

Desa Sumberbening iku jenenge Desa Kojur. Kojur ing kene nduweni teges apes. Dene yen Sumberbening nduweni teges sumberan kang bening banyune. Miturut critane, biyen ana wong saka Ponorogo kang nduwe jeneng Mbah Kerta. Mbah Kerta banjur menyang salah sawijining desa lan dheweke banjur kapesan ing desa iku mau. Banjur desa iku mau dijenengake Desa Kojur. Dene yen jeneng Desa Sumberbening iku asale saka anane salah sawijining sumber kang dadi plancuran. Plancuran iki senjata masa ketiga ora tau asat, yen masa rendheng uga ora tau buthek. Mula Mbah Ragil kang dadi lurah ing jaman iku njenengake sumberan iku kanthi jeneng Sumberbening. Dene makna kang bisa dipethik saka crita asal- usul jeneng Desa Sumberbening yaiku anane sumberan kang tansah bening iku nduweni pengarep- arep supaya masyarakat kang ana ing Desa Sumberbening luwih bisa ngaturake konjuk syukur marang Gusti Pangeran, amarga sumberan iku ora ana asate lan ora ana butheke. Sumber banyu kang langsung mili saka gunung Semungklung iku minangka salah sawijining wujud yen alam iku menahi apa kang diperlokake manungsa. Mula ing kene manungsa kudu luwih bisa njaga supaya sumberan utawa gunung-gunung kang ana tetep lestari.

**(i) Desa Pringapus**

Desa Pringapus saka rong tembung, yaiku “Pring” lan “Apus”. Pring ing kene tegese wit pring lan apus ing kene bisa ditegesi ora sabener. Dadi maksud saka jeneng Desa Pringapus iku saka anane dongeng ing masyarakat

ngenani maling-maling jaman biyen kang sekti mandraguna, maling iki gawene ngapusi wong kang wis dicolong raja kayane. Maling- maling guna iki bisa ngowahi wujud utawa ciri kewan kang dicolong. Kewan- kewan kang dicolong iku didelikne dhisik ing njeroni paprangan utawa wit pring kang ngrembuyung. Sajrone wit pring iku banjur kewan-kewan kuwi maeng diowahi wujud kanggo ngapusi wong kang dicolong kewan sadurunge didol. Ing kene ciri utawa tetengere kewan mau diowahi, yen kebo kang awake lemu bisa diowahi kuru, kebo kang sungune cendhek bisa digawe dawa, lan liya- liyane. Mula wong-wong jaman biyen njuluk Pringapus, yaiku wit pring kanggo ngapusi. Dene makna kang bisa dijupuk saka anane jeneng Pringapus yaiku maling iku salah sawijining pakaryan kang ora becik. Mula saka iku maling-maling guna kaya kang ana ing Desa Pringapus iku ora samesthine nyolongi kayane wong liya. Semono uga wong-wong sugih kang ana ing desa iku mau kudu konjuk syukur amarga ora kabeh wong bisa kepenak uripe kanthi nduweni bandha kang akeh.

**2. Teges lan Makna**

Teges yaiku konsep kang nyawijekake antarane maksud lan makna saengga pungkasane bisa dadi teges kang cetha. Saliyane iku, teges kasebut uga ana sesambungane karo jenenge desa, amarga sajrone jenenge desa kasebut ngandhut teges kang jero. Dene makna kasebut ana sesambungane karo jenenge desa amarga sajrone jenenge desa kasebut ngandhut makna. Anggone nggoleki maknane jenenge desa kasebut bisa kanthi cara takon marang narasumber utawa ana ing kamus.

Adhedhasar cara ahli anggone negesi makna, ing kene panliti menahi pamawas ngenani makna yaiku sesambungan antara basa karo donya sanjabane basa kang wis disarujuki bebarengan karo para panganggone basa lan wujud makna iku bisa digunakake kanggo ngandharake *informasi* utawa pawarta, saengga bisa padha- padha dingerteni dening sapa-dha-padha. Saliyane iku, makna uga ana sesambungan karo jenenge desa amarga sajrone jeneng kasebut ngandhut makna kang bisa digoleki kanthi cara maca kamus-kamus basa utawa takon menyang wong kang ngerti legendha desa iku dhewe.

Andharan teges lan makna ana ing ngisor iki:

**(a) Desa Watuagung**

Watuagung nduweni teges watu kang gedhe- gedhe. Watu-watu kang ana ing sakupenge desa iku minangka cikal-bakal anggone menahi jeneng, yaiku Desa Watuagung.

Dene makna Desa Watuagung yaiku, masyarakat nduweni pangarep-arep yen watu-watu iku

menehi rejeki kang gedhe marang masyarakat kang ana ing desa iku. Desa Watuagung wis kondhang yen akeh watune. Kayata watu marmer lan watu kapur kang dadi pangupajiwa saperangan masyarakat. Saka watu-watu iki pranyata bisa dadi pangupajiwa kang ngasilake dhuwit. Watu marmer lan watu kapur iki kondhang yen Desa Watuagung minangka desa kang paling akeh ngasilake watu-watu iki. Dadi ing kene bisa dideleng yen jeneng Desa Watuagung yaiku minangka tetenger anane watu-watu gedhe ing salah sawijining desa, mula desa iku dijenengake Watuagung. Jeneng Desa Watuagung iku dadi dedonga utawa pengarep-arep kang gedhe yen watu-watu iku menehi rejeki marang masyarakat kang ana ing desa iku.

**(b) Desa Pandean**

Pandean iku nduweni teges Pande. Pande yaiku salah sawijining jeneng panggaweyan kang gawe gegaman saka wesi. Suwene-suwe jeneng Desa Pande iku oleh panambang –an, miturut informan iki anggone nambahi panambang supaya luwih kepenak anggone ngucapake jeneng desa iku mau.

Dene makna Desa Pandean yaiku wong kang nduweni sipat apik marang liyan mesthi wae bakal akeh wong kang seneng, akeh kang ngajeni. Mula urip ing masyarakat iku kudu nduweni rasa tepa slira, grapyak semanak kaya Mbah Pande ing crita iku. Mbah Pande kang nduweni sipat gelem menehi pitulungan marang liyan, grapyak semanak, apik maranag sapa wae ndadekake masyarakat desa seneng marang dheweke. Saengga sawise Mbah Pande tilar donya masyarakat tetep ngormati jasa-jasane Mbah Pande marang masyarakat kanthi ndadekake jeneng Mbah Pande dadi jeneng desa, yaiku desa Pandean.

**(c) Desa Salamwates**

Desa Salamwates iku nduweni teges loro. Ing kene teges kang kapisan yaiku Salamwates minangka gabungan jeneng saka Desa Salam lan Desa Wates amarga ing jaman biyen luraha ana ing Desa Salam lan bengkoke ana ing Desa Wates. Kang kapindho yaiku jeneng Desa Salamwates iku saka anane wit salam kang ana ing protelon antarane Desa Petung lan Gembuk. Mula wit salam iku banjur dadi tetenger watesing desa Petung lan Wates. Mula sabanjure dijenengake Desa Salamwates.

**Dene maknane yaiku** Senajan saka desa kang beda-beda nanging masyarakat ing kene ora mbedakake siji lan sijine. Pasar ing kene minangka gambaran nyawijine masyarakat. Wong priyayi utawa wong biyasa ing kene dadi siji yen tetukon. Wit salam ing kene minangka tetenger marang pasar kang digunakake masyarakat. Dene makna liya yaiku supaya Desa Salam

lan Wates iku bisa nyawiji. Jeneng desa kang didadekake siji iku dikarepake bisa mbangun desa kanthi luwih apik lan masyarakate bisa luwih rukun.

**(d) Desa Ngerdani**

Desa Ngerdani nduweni teges sakabehe tanduran ing desa iku ngreda lan mratani marang sakabehe masyarakat kang urip ing ndesa iku.

Dene makna Desa Ngerdani yaiku Gusti Allah wis maringi sakabehe tanduran kang bisa tuwuh kanthi subur makmur loh jinawi. Apa wae kang ditandur bisa thukul, bisa subur. Sawah-sawah bisa loh, pari gogo, lan sakabehe tanduran bisa ngreda. Mesthine masyarakat kang urip ing Desa Ngerdani tansah konjuk syukur marang sakabehe tanduran kang ngreda lan bisa mratani masyarakat ing desa iku.

**(e) Desa Petung**

Teges jeneng Desa Petung iku asale saka jeneng salah sawijining wit, yaiku wit pring petung. Wit pring petung akeh akeh ing desa iku ndadekake masyarakat luwih mangerteni jeneng desa iku kanthi jeneng Desa Petung.

Dene makna Desa Petung yaiku pring petung iki wiwit isih enom utawa kang diarani bung (*rebung*) bisa dimasak, yen wis tuwa bisa digawe gedhek, usuk omah, digawe ragangan layangan utawa digawe jaranan. Mula masyarakat kang ana ing desa iki sejatine luwih bisa nuladhani sipat saka pring petung iku kang bisa migunani marang bebrayan. Yen wit-witan wae bisa migunani, kudune manungsa luwih bisa migunani marang sakabehe makhluk kang ana.

**(f) Desa Cakul**

Desa Cakul yaiku salah salah sawijining paraga wayang yaiku Buta Cakil. Buta Cakil nduweni sipat kang ala, yaiku seneng nyakili wong liya utawa seneng nggawe larane wong liya. Mula ing kene kang dimaksud jeneng Cakul yaiku saka jeneng salah sawijining Buta Cakil.

Dene makna Desa Cakul iku pecah dadi loro yaiku Cakul sisih wetan lan Cakul sisih kulon. Kekarone iki ora bisa rukun. Cakul sisih kulon yaiku nyakup Dusun Nglaran, Dusun Njuron, lan Dusun Klandri. Wong kang ana ing dusun kuwi wong kang senengane marang samubarang kang maksiat, mendem, main, lan liya- liyane. Nanging yen sisih wetan, yaiku Dusun Karangsudo, Dusun Plapar lan Dusun Nglanon iku masyarakate wis ngerti agama lan kagolong masyarakat kang *agamis*. Senajan sadesa nanging Cakul sisih wetan lan Cakul sisih kulon iki kaya awan karo bengi, ora ana gathuke. Ananging suwene- suwe

saiki kekarone wis bisa rukun. Masyarakat Cakul Kulon wis akeh kang sianu agama, saiki Desa Cakul uga kondhang minangka salah sawijining desa kang agamis. Makna jeneng desa kang dijupuk saka salah sawijining paraga wayang, Buta Cakil bisa diandharake yen sipat masyarakat kang ana ing Desa Cakul biyen nduweni sipat kaya Buta Cakil. Masyarakat seneng gawe rusuh, seneng nyakili liyan. Nanging ing jaman saiki masyarakat kang urip ing Desa Cakul iki kagolong masyarakat kang agamis, pranyata sejarah desa kang peteng ing jaman biyen ora ndadekake masyarakat Desa Cakul jaman saiki nuladhani sipat masyarakat ing jaman biyen.

**(g) Desa Siki**

Desa Siki iku nduweni teges jeneng kayu Gondang lan kayu Resiki. Kayu Gondang lan kayu Resiki iki kayu kang anane among ing desa iku, mula masyarakat ing desa iku ngeramatake kayu kakarone lan ndadekake jeneng desa.

Dene maknane yaiku masyarakat kang ana ing desa iku nganggep kayu Gondang lan Resiki iku kramat. Kayu kekarone kang gedhe-gedhe iki dianggep minangka papan panggonane dhanyang utawa lelembut kang mbaureksa desa. Mula masyarakat desa tansah nguri-uri papan panggonan kayu iku. Ing kene kapercayan masyarakat marang anane dhanyang kang njaga keslametane desa isih tetep dijaga nganti saprene.

**(h) Desa Dongko**

Teges jeneng Desa Dongko yaiku saka wit bendo lan nongko. Wit loro iku ditemokake jejer. Mula sabanjure didadekake jeneng desa Dongko.

Dene makna jeneng Desa Dongko ing kene gegayutan karo kapatuhan. Biyen ana salah sawijining wong saka Kraton kang kepengin ngenger. Sadurunge budhal ngenger, dheweke diweling simbahe yen anggone ngenger kudu menyang wetan parane. Miturut simbahe mengko ing wetan ana wit bendo lan nongko kang jejer. Yen dheweke wis kasil nemokake wit loro iku mau, dheweke wis isa leren. Ing desa iku mau akhire dheweke nglereni lakune. Ing kene bisa dideleng yen senjata dheweke durung ngerti wujud wit bendo lan nongko kang dimaksud simbahe nanging dheweke netepi janji marang simbahe yaiku ora bakal leren yen durung nemokake wit bendo lan nongko kang jejer.

**(i) Desa Sumberbening**

Jeneng Desa Sumberbening ing kene saka rong tembung yaiku sumber lan bening. Sumber ing kene ditegesi minangka papan metune banyu lan bening ateges wening, ora buthek.

Dene makna jeneng Desa Sumberbening luwih bisa ngaturake konjuk syukur marang Gusti Pangeran, amarga sumberan iku ora ana asate lan ora ana butheke. Sumber banyu kang langsung mili saka gunung Semungklung iku minangka salah sawijining wujud yen alam iku menehi apa kang diperlokake manungsa. Mula ing kene manungsa kudu luwih bisa njaga supaya sumberan utawa gunung-gunung kang ana tetep lestari.

**(j) Desa Pringapus**

Desa Pringapus bisa ditegesi saka anane dongeng ing masyarakat ngenani maling-maling jaman biyen kang sekti mandraguna, maling iki gawene ngapusi wong kang wis dicolong raja kayane. Maling-maling guna iki bisa ngowahi wujud utawa ciri kewan kang dicolong. Kewan-kewan kang dicolong iku didelikne dhisik ing njeroni papringan utawa wit pring kang ngrembuyung. Sajrone wit pring iku banjur kewan-kewan kuwi maeng diowahi wujud kanggo ngapusi wong kang dicolong kewan sadurunge didol.

Dene makna kang bisa dijupuk saka anane jeneng Pringapus yaiku maling iku salah sawijining pakaryan kang ora becik. Amarga nyolong dhuweke liyan iku minangka salah sawijining sipat kang ora dibenerake miturut sapa wae.

**3. Fungsi Legendha Desa Ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek**

Sastra lisan tuwuh lan ngrembaka sajrone bebrayan Jawa. Sastra jawa minangka salah siji perangan *integral* utawa utuh saka kabudayaan masyarakat. Amarga tuwuh lan ngrembakane ing pola uripe masyarakat, mula saka iku sastra lisan nduweni fungsi.

Semono uga crita asal-usul jeneng desa kang ana ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek iki, sajrone panliten iki, crita asal-usul jeneng desa ing kene nduweni fungsi cacah wolu kaya kang diandharake Hutomo (1) Minangka sistem proyeksi; (2) Minangka pangesahan kabudayaan, tuladhane, crita asal-usul tembung “babah”; (3) Minangka piranti kang meksa tuwuh anane norma sosial lan alat kontrol sosial, kaya dene paribasan, (4) Minangka alat pendhidhikan anak, kayata crita kewan, (5) Kanggo dadi sawijining dalan kang dadi bebener tumrap bebrayan agung supaya dheweke bisa luwih *superior* tinimbang wong liya, kayata ing *teka-teki*, (6) Minangka dalan tumrap sawijining wong kang diwenehake marang masyarakat supaya dheweke bisa ngenyek wong liya, tuladhane paribasan lan parikan kang isine ngandhut pasemon; (7) Minangka piranti protes anane samubarang utawa kahanan kang ora adil ing satengahe masyarakat; (8)

minangka panylimur saka aboting urip padinan, lan uga minangka panglipur.

Legendha desa ing kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek kang nduweni fungsi kaya kasebut ing ndhuwur bakal diandharake kaya mangkene:

**(a) Minangka Sistem Proyeksi**

Legendha desa kang ana ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek iki nduweni salah siji fungsi yaiku minangka sistem proyeksi. Tegese yaiku minangka samubarang kang bisa nyebabake sawijine kahanan utawa samubarang dadi punjer utawa cikal bakal dumadine panggonan kang isih diugemi dening wong akeh ing dina tembe. Sistem proyeksi dhewe nduweni karep minangka pangarep-arep tumrap prekara becik kang didadekake jeneng ing desane. Ana ing crita asal-usul jeneng desa Kecamatan Dongko iki, akeh ngandharake crita kang kedaden ing rikala jaman semana kang dipitayani anane pangarep lan sistem proyeksi minangka piweling dening masyarakate nganti saiki lan ing dina tembe, ing antarane yaiku:

**(a1) Desa Watuagung**

Sajroning crita legendha Desa Watuagung iku diandharake ngenani mula bukane Desa Watuagung arupa dhaerah kang dikupengi watu gedhe-gedhe. Senajan ing dhaerah iku arupa watu-watu nanging masyarakat akeh kang percaya yen watu-watu iku nggawa rejeki. Mula masyarakat akeh kang padha nggawe omah ing dhaerah iku.

Masyarakat nduweni pamikiran yen saka jeneng Watuagung iki muga-muga masyarakat uga nduweni rejeki kang agung, rejeki kang gedhe. Mula jeneng Desa Watuagung ing kene uga dadi pecut anggone nggolek rejeki. Watuagung iki tegese ora sipate masyarakat kang gumedhe lan atos-atos kaya watu, ananging pangarep-arepe masyarakat marang kahanan alam kang dipercaya masyarakat bisa menahi rejeki.

**(a2) Desa Petung**

Desa Petung iki dijupuk saka salah sawijine jeneng wit kang thukul ing desa iku yaiku wit pring. Wit pring ing desa iku pancen akeh. Ananging jinise pring kang akeh dhewe yaiku jinis pring petung. Mula yen wayah semi, pring petung cilik-cilik iki katon mruyuk lan ing masyarakat diarani seminan. Pranyata bung petung kang ana ing desa iku banjur dadi ciri desa iku.

Crita ngenani anane wit pring petung kang akeh lan ora ana enteke. Nganti saprene desa iki uga isih akeh pring petunge. Mula ing kene jeneng desa iki uga awujud ciri desa iku dhewe minangka desa kang akeh pring petunge.

**(a3) Desa Sumberbening**

Desa Sumberbening nyritakake babagan anane salah sawijining kedadeyan kang ana ing masyarakat, yaiku anane banyu bening kang ora gelem buthek utawa mati.

Desa Sumberbening iku asale saka salah sawijining plancuran. Plancuran saka gunung Semungklung iku ora nate asat lan buthek. Kanthi anane crita kang kaya mangkene dikarepake masyarakat luwih nduweni rasa syukur marang Gusti lan alam, amarga ing Desa Sumberbening minangka siji-sijine desa ing Kecamatan Dongko kang nduweni kedadeyan banyu bening kang dikeramatake nganti saprene.

**(b) Minangka Panggulawentah**

Legendha Desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek uga nduweni fungsi minangka srana pendhidhikan tumrap anak. Srana pendhidhikan tumrap anak ing kene karepe yaiku minangka piwulang kanggo bocah cilik ngenani dhasar ilmu budi pekerti, tepa slira, tepa slira, sopan santun, lan uga karukunan. Apa kang wis diandharake ngenani srana pendhidhikan kasebut, ditemokake aa rong crita sajrone sakabehe asal-usul desa ing kecamatan Dongko iki tuladhane kaya kang ana ing asal-usul crita jeneng desa ing ngisor iki:

**(b1) Desa Pandean**

Desa Pandean nyaritakake papan panggonan kang dijupuk saka jeneng aran tukang gawe gegaman utawa pande. Mbah Pande iki minangka sesepuh kang ana ing desa iku. Saliyane dadi tukang gawe gegaman, Mbah pande uga bias nyuwuk utawa nambani bocah-bocah kang lara.

Crita ngenani Desa Pandean iki bisa dideleng yen wong kang nduwe sipat apik bakal oleh wales kang apik. Mbah Pande minangka sesepuh Ing kene Mbah Pande kang nduweni panggaweyan tukang gawe gegaman uga sesepuh ing desa iku diajeni dening masyarakat. Luwih-luwih masyarakat ing desa iku nggunakake jeneng 'Pande' minangka jeneng desa iku kanggo ngormati sakabehe jasane Mbah Pande. Mula ing kene bisa dipethik yen wong kang apik marang sapa wae mesthi oleh piwales kang becik.

**(b2) Desa Salamwates**

Salamwates nyritakake ngenani salah sawijining papan. Papan kang dimaksud ing kene yaiku protelon kang ana ing watesing desa. Protelon iku sewe- suwe rame amarga dadi papan kanggo dol tinuku utawa dadi pasar. Masyarakat saka desa-desa liya akeh kang menyang pasar iku mau saperlu kanggo dol tinuku.

Desa Salamwates yaiku jeneng desa kang nggambarake guyub rukune masyarakat ing jaman biyen.



Senajan saka desa kang beda-beda nanging masyarakat ing kene ora mbedakake siji lan sijine. Pasar ing kene minangka gegambaran nyawijine masyarakat. Wong priyayi utawa wong biyasa ing kene dadi siji yen tetukon. Wit salam ing kene minangka tetenger marang pasar kang digunakake masyarakat. Saka kutipan crita ing ndhuwur menahi piwulang marang bocah-bocah supaya tansah guyub rukun. Senajan beda desa nanging masyarakat kang ana ing protelon iku mau tansah rukun, iki bisa dideleng saka anane pasar ing protelon Gembuk iku. Protelon Gembuk minangka watesing desa digunakake masyarakat kanggo papan dol tinuku. Mula kanggo nengeri papan iku mau banjur dijenengake Desa Salamwates.

#### (b3) Desa Dongko

Desa Dongko ing kene nyaritakake ngenani wong kang ngenger. Ananging anggone ngenger iku kudu manut marang welinge simbahe. Sasuwene ngenger dheweke kudu mlaku ngetan parane. Lan ora oleh leren yen durung nemokake wit bendo lan nongko kang jejer loro, kamangka sejatine dheweke durung ngerti kepriye wujud wit bendo lan nongko iku. Mula dheweke terus mlaku menyang ngetan nganti nemokake wit kang wis dimaksud simbahe.

Desa Dongko iku nduweni nilai dhidhik marang bocah. Ing crita legendha Desa Dongko iku ndudohake ngenani wong enom kang kudu netepi utawa ngugemi dhawuhe wong tuwa. Wong kang ngenger iku kudu netepi janjine marang simbahe kang ngongkon mlaku menyang ngetan nganti dheweke nemokake wit bendo lan nongko kang jejer loro. Senajan dheweke durung ngerti kepriye wujud wit bendo lan nongko iku, nanging dheweke tansah ngugemi dhawuhe simbahe. Pungkasane dheweke bisa nemokake wit bendo lan nongko iku mau kanthi takon menyang wong. Ing papan kang ana wit bendo lan nongko iku pranyata minangka dhaerah kang loh jinawi. Banjur dheweke manggon ing dhaerah iku lan menahi jeneng papan iku kanthi jeneng ‘Dongko’ tegese wit bendo lan nongko. Sejatine wong tuwa ngendi wae iku mesthi menahi pepeling kang becik marang anak putune, senajan abot nanging ing pungkasane mesthi wae iku menahi kabecikan marang dheweke.

#### (c) Kanggo Menahi Sawijining Dalan Becik Marang Masyarakat Supaya Luwih Tinimbang Liyan.

Bab iki ngandharake ngenani patuladhan utawa menahi sawijining dalan becik utawa pepeling marang masyarakat supaya luwih apik tinimbang liyan.

#### (c1) Desa Pandean

Miturut crita pawongan kang nduweni sipat apik, mula masyarakat tansah ngajeni Mbah Pande kang dadi sesepuh ing desa kasebut. Mula sawise dheweke tilar donya masyarakat banjur njuluki desa kasebut kanthi jeneng Desa Pandean.

Desa Pandean iki asale saka tembung pande kan oleh panambang *-an*. Ing kene ndudohake yen wong kang nduweni sipat apik marang liyan mesthi wae bakal akeh wong kang seneng, akeh kang ngajeni. Mula urip ing masyarakat iku kudu nduweni rasa tepa slira, grapyak semanak kaya Mbah Pande ing crita iku. Mbah Pande kang nduweni sipat gelem menahi pitulungan marang liyan, grapyak semanak, apik maranag sapa wae ndadekake masyarakat desa seneng marang dheweke. Mula sawise mati ora dilalekake masyarakat, iki bisa dideleng saka jenenge kang digunakake kanggo jeneng desa minangka rasa kurmat marang jasane Mbah Pande. Ing kene masyarakat bisa nuladhani sipat kang diduweni Mbah Pande.

#### (c2) Desa Dongko

Desa Dongko iki nyaritakake salah sawijining wong ngenger saka Jawa Tengahan. Dheweke manut apa pepilinge simbahe, yaiku ora oleh leren yen durung nemokake wit bendo lan nongko kang jejer.

Desa Dongko ing kene gegayutan karo kapatuhan. Ing kene nyaritakake salah sawijining wong saka Kraton kang kepengin ngenger. Sadurunge budhal ngenger, dheweke diweling simbahe yen anggone ngenger kudu menyang wetan parane. Miturut simbahe mengko ing wetan ana wit bendo lan nongko kang jejer. Yen dheweke wis kasil nemokake wit loro iku mau, dheweke wis isa leren. Ing desa iku mau akhire dheweke nglereni lakune. Ing kene bisa dideleng yen senajan dheweke durung ngerti wujud wit bendo lan nongko kang dimaksud simbahe nanging dheweke netepi janjine marang simbahe yaiku ora bakal leren yen durung nemokake wit bendo lan nongko kang jejer.

#### (c3) Desa Cakul

Senajan sadesa nanging Cakul sisih wetan lan Cakul sisih kulon iki kaya awan karo bengi, ora ana gathuke. Katrangan kang kaya mangkono iku ora samesthine ana sajrone urip bebrayan. Luwih-luwih urip sadesa. Masyarakat kang urip sadesa mesthine bisa guyub rukun mbangun desa ora malah crah agawe bubrah. Nanging ing jaman saiki kekarone wis bisa rukun. Masyarakat Cakul Kulon wis akeh kangsianu agama, saiki Desa Cakul uga kondhang minangka salah sawijining desa kang agamis. Iki bisa dadi tuladha kang becik sajrone urip bebrayan, masyarakat ora nuladhani sipat-sipat ala ing jaman biyen. Ing jaman saiki

masyarakat Desa Cakul wis guyub rukun mbangun desane.

**(4) Nilai Budaya**

Masyarakat Jawa minangka masyarakat Jawa kang isih nduweni lan ngugemi lelakon-lelakon tradhisional kang raket sesambungane tumrap nilai-nilai budaya masyarakat. Nilai budaya minangka perangan paling *abstrak* lan amba cakupane. Ing perangan iki ide-ide dikonsepsi ing saperangan bab kang diarani paling *prestisius* utawa nduweni nilai paling dhuwur ing satengahing urip bebrayan.

Nilai-nilai budaya kasebut kanthi ora sngaja tuwuh ing satengahing masyarakat lan ilai-nilai kasebut didadekake minangka panutan kang tumurun, saéngga diarani minangka samubarang kang banget guna lan kalungguhane.

Mula saka iku nilai budaya diarani lan dipitayani masyarakat minangka pedhoman utawa pathokan kang paling dhuwur kalungguhane tumrap lelakon manungsa utawa kang lumrahe diarani hukum ing masyarakat. Nganut perangan sistem nilai kabudayan Djamaris, diandharake ana limang perangan yaiku (1) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo Gustine; (2) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo jagad; (3) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo manungsa liyane utawa minangka makhluk *sosial*; (4) nilai budaya gegayutan manungsa karo masyarakat; (5) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo awake dhewe kayata kahanan uripe individhu.

Nilai budaya kasebut uga bisa diteliti lan ditemokake sajrone Legendha Desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek. Ing ngisor iki diandharake ngenani nilai-nilai budaya kasebut banjur diwenehi kutipan saka saben poin nilai budaya kasebut.

**(a) Nilai Budaya Gegayutan Antarane Manungsa Karo Gustine**

Saben wong urip mesthi mbutuhake kabutuhan rohani kang disadhari lan ora. Yen sadurunge ngenal agama, manungsa kanthi naluriah wis bisa ngrumangsani kabutuwane lan kuwajibane tumrap dhiri marang sapa Kang Akarya Jagad. Ing kene diwujudake budaya lan lelakon lumrah anane manungsa kang manembah marang Pangripta. Ana ing rikala jaman semana, manungsa kang durung kenal agama, wis bisa tapa brata ngrumangsani yen dheweke ana ing donya ora mara teka nanging ana Zat kang ngripta sakabehe ing donya, ana wong kang ngeramatake sawijining barang utawa papan panggonan kang dianggep minangka samubarang kang bisa paring rejeki, lan uga ana kang wis ngenal agama banjur digiyarake supaya wong liya ora kliru anggone

manembah. Andharan kasebut bisa dideleng ing kutipan-kutipan ngisor iki:

**(a1) Desa Siki**

Sajrone legendha Desa Siki iki dicritakeke yen masyarakat ing Desa Siki tansah ngeramatake patilasan kayu Gondang lan Resiki. Masyarakat nganggep yen sajroning wit kaloro iku ana dhayang kang mbaureksa desa. Masyarakat kang wis nganggep yen kabutuhan rohani iku perlu kanggo tentreme jiwa saka nyembah lan ngeramatake rong kayu yaiku Gondang lan Resiki:

Nilai budaya manungsa lan Gustine yaiku budaya anane kapitayan marang samubarang kang bisa didadekake keramat lan disembah. Kedadeyan kasebut bisa kedaden amarga anane kabutuhan kang murni tuwuh saka dhiri pribadhine manungsa minangka makhluk sosial. Makhluk sosial ing kene nduweni rasa lan daya kang sithik, lan isih mbutuhake kakuwatan liya kanggo uripe. Adhedhasar kasunyatan kasebut, nalikane ditemoni ana kayu kang gedhe lan arang ditemoni, kanthi naluriah rasa batine manungsa manembah ngrumangsani yen kayu kasebut minangka kayu kang nduweni kakuwatan gedhe. Kayu kasebut diarani bisa paring kaslametan marang sapa wae kang kurmat lan manembah marang wit kasebut. Kedadeyan kasebut, mujudake ana rasa kapitayan saka manungsa tumrap Dzat liya ing jagad, kang nduweni daya luwih gedhe kanggo menahi berkah lan kabecikan tumrap dhiri pribadhine manungsa. Mula ing kene masyarakat isih tansah nguri-uri papan kayu Gondang lan kayu Resiki iki.

**(a2) Desa Cakul**

Desa Cakul iki nyritakake anane rong desa kang ora gelem rukun amarga salah sawijining desa ing kene durung ngenal agama. Nanging sawise wis mangerteni ngenani agama banjur masyarakat ing desa iki bisa urip rukun.

Nalika jaman semono ana wong kang ora mangerteni agama uripe among kanggo nyenengake lan nyukupi kabutuhan duniawi. Ananging masyarakat kang wis ngerti agama, sakabehe tumindhak kang ora dibenerake sajrone agama tansah didohi. Mula sawise ngerti ngenani agama masyarakat ing Desa Cakul tansah urip tentrem lan rukun amarga masyarakat tansah ngelingake. Saka crita legendha iki bisa dimangerteni yen kabutuhan sesambungan antarane manungsa lan Gustine ora mung winates ing kabutuhan, nanging uga wis bisa dadi budaya. Budaya padha ngelingake kanggo sembahyang ing dina tembe, tuladhane.

**(b) Nilai Budaya Gegayutan Antarane Manungsa Karo Jagad**

Urip ing donya iki mesthi muspra yen ora tau nggatekake anane sumbering urip kanggo njaga anane *eksistensi* manungsa. Mula manungsa mesthi nggantugake uripe marang alam sakupenge. Senajan ngono, manungsa kudu tetp njaga kasalarasan antarane uripe dhewe lan uripe utawa eksistensi alam sakupenge utawa donya pannggone urip supaya bisa terus kawujud kasalarasan kanggo nerusake urip. Ing kene diwujudake kathi pamenehan jeneng nganggo jeneng tanduran kang akeh tuwuh ing dhaerah kasebut utawa barang kang asale saka alam ing dhaerah kang dibabat alase.

**(b1) Desa Watuagung**

Sajrone legendha desa iki dicritakake anane dhaerah kang akeh watu gedhe. Banjur dening masyarakat kasebut dijenengake Watuagung supaya ngelingake marang warga ing dian tembe yen rikala jaman semana ing dhaerah kasebut asale saka akehe watu gedhe kang ngupengi desa.

manungsa kang urip ing donya lan nduweni tetalen karo kahanan alam skupenge, manungsa ngrumangsani anane kahanan alam kang seje tinimbang kahanan alam liyane, banjur dheweke urip ana ing kono, lan kanggo ngelingi yen dheweke urip dhedhampingan ing kono, mula manungsane menahi panggon ing dhaerah kasebut padha karo apa kang ana ing panggon kasebut, kayata Desa Watuagung iki dijenengake amarga anane watu gedhe-gedhe ing dhaerah kene.

**(b2) Desa Ngerdani**

Sajrone legendha desa iki dicritakake anane dhaerah kang sakabehe tanduran kang urip ing kana ngreda. Ngreda ing kene bisa ditegesi subur makmur loh jinawi. Tanduran kang ngreda iki sabanjure bisa nyukupi sakabehe kabutuhan masyarakat kang urip ing desa iku.

Manungsa kang urip ing donya lan nduweni tetalen karo kahanan alam skupenge, manungsa ngrumangsani anane kahanan alam kang seje tinimbang kahanan alam liyane, banjur dheweke urip ana ing kono, lan kanggo ngelingi yen dheweke urip dhedhampingan ing kono, mula manungsane menahi panggon ing dhaerah kasebut padha karo apa kang ana ing panggon kasebut, kayata Ngerdani iki dijenengake amarga anane kahanan alam kang samubarange ngreda banjur mratani masyarakat.

**(b3) Desa Petung**

Desa Petung dicritakake ngenani wong kang nemokake akehe wit pring petung. Wit kasebut akeh tur ngrembuyung, yen wayah semi wit pring iku mruyuk akeh bunge. Saka anane iku wit kasebut akeh wong kang

ngarani desa Seminan, banjur suwene-suwe dadi jeneng Desa Petung amarga akehe seminane bung petung.

anane salah sawijining kedadeyan, sajrone dhaerah kasebut akeh wit pring. Saka sakabehe jenis wit pring, pranyata pring petung kang akeh dhewe. Nalika wis wayahe semi, thukulan-thukulan bung petung iku akeh lan katon mruyuk. Seminan-seminan bung petung sing akeh ing kuwi ndadekake papan iku dijuluki *Seminan*. Jeneng Seminan iku suwene-suwe malih dadi jeneng desa, yaiku Desa Seminan. Saben wayah usum bung-bung semi papan seminane bung petung iku ora ana sudane. Sakabehe pang carange bung petung kang ngrembuyung iku suwe-suwe dadi wit pring kang gedhe-gedhe. Masyarakat banjur ngarani papringan bung petung. Papringan bung petung kang rungkut iku ndadekake ciri Desa Seminan iku. Masyarakat banjur luwih mangerteni yen desa iku kanthi jeneng Desa Petung, yaiku salah sawijining desa kang akeh pring petunge. Banjur saya suwe jeneng Desa Seminan iku ora ana maneh lan ganti dadi jeneng Desa Petung. Sajrone crita iki bisa mangerteni supaya tetep bisa urip dedhampingan karo alam sakupenge minangka sarana saka Gusti Pangeran mula manungsa bisa urip kanthi lancar lan tansah konjuk sukur marang Gusti. Ing kene manungsa kang ndadekake budaya ngormati kahanan alam sakupenge minangka perangan kang ora adoh saka uripe.

**(b4) Desa Dongko**

Sajrone legendha Desa Dongko iki dicritakake ngenani wong kang ngumbara lan kasil nemokake sawijine wit. Wit kasebut awujud wit bendo lan nongko kan jejer. Dening pawongan kasebut, wit iku diramut lan dijaga nganti banjur dheweke sesumbar yen mbesuk yen ana reja-rejane jaman desa iki bakal dijenengake Desa Dongko.

Manungsa percaya marang kahanan alam kang menahi pratandha. Pratandhane kang ana yaiku saka piwelnge simabahe kang ngandharake yen ana wit bendo lan nongko jejer banjur kudu panggon ing papan iku amarga papan iku minangka papan kang loh jinawi. Ing kene banjur pagumbara iku mau menahi tuladha marang wong kang mangerteni crita iki supaya tetep bisa urip dedhampingan karo alam sakupenge minangka srana saka Gusti Pangeran mula manungsa bisa urip kanthi lancar. Rasa sukur kasebut diwujudkan pangumbara kasebut kanthi ngramut wit bendo lan nongko nganti gedhe lan nganti diarani nggawa berkah sarta kaslametan karo warga nalika iku. Saka kedadeyan kasebut, mula dimangerteni ana gayutan urip manungsa kang ndadekake budaya ngormati kahanan alam sakupenge minangka perangan kang ora adoh saka uripe.

**(b5) Desa Sumberbening**

Ana ing legendha Desa Sumberbening iki dicritakake ngenani anane dhaerah kang ana salah sawijining sumberan kan bening, banjur dijenengake Desa Sumberbening.

Ana saperangan manungsa kang manggon ing Desa Kojur kang nduweni fenomena alam yaiku anane sumber banyu kang mili bening senajan mangsa rendheng lan ora asat yen mangsa ketiga. Saka kedadeyan iki banjur masyarakat rumangsa yen iki minangka salah sawijining papan keramat. Sawise iku banjur masyarakat menahi jeneng desa iku Desa Sumberbening. Pamenehan jeneng kasebut kanggo ngelingi yen alam sakupenge nduweni crita dhewe lan nduweni kang bisa dielingake minangka ngormati *eksistensi* jagad panggone manungsa urip.

### (c) Nilai Budaya Gegayutan Antarane Manungsa Karo Manungsa Liyane

Nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo manungsa liyane utawa minangka makhluk *sosial*, antarane yaiku ngenani tata lakune manungsa marang manungsa liyane kayata, kasopanane, kasetyane, kajujurane, lan kawicaksanane arupa seneng tinulung lan adil kang diduweni dening manungsa marang manungsa liyane. Tegese ing kene yaiku anane sesambungan manungsa siji lan sijine ing kabeh urusan, lan kepriye becik lan alane. Sajrone legendha asal-usul jeneng desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek iki uga nduweni nilai-nilai budaya kang nduweni gegayutan antrane manungsa siji karo manungsa liyane. Ana saperangan crita kang ngandhut nilai kasebut, mula bakal diandharake ing kene kanthi pawenehan kutipan ing ngisor iki:

#### (c1) Desa Salamwates

Sajrone Desa Salamwates iki dicritakake ngenani masyarakat kang urip rukun antarane manungsa siji lan sijine senajan beda desa. Masyarakat iki umume ora mbedha-bedhakake manungsa wiwit saka pangupajiwane, asal-usule lan liya-liyane.

Sesambungan antarane manungsa siji lan liyane kang urip rukun. Ing dhaerah iki dicritakake antarane manungsa siji lan sijine kang tansah tepa salira marang sapadhane. Anane jeneng Desa Salamwates ki minangka tandha yen ing jaman biyen ana kedadeyan kang mratadhandani ana wit salam ing Watesing Desa Petung lan Gembuk kang dadi saksi karukunane masyarakat. Kahanan iki uga kanggo ngelingake marang masyarakat saiki yen kudu tansah njaga karukunan lan tepa salira marang sapadha-padha supaya bisa urip ayem, lan tentrem.

## C. PANUTUP

### 1. Dudutan

Adhedhasar data kang wis dikumpulake lan jlentrehan kang ana ing bab sadurunge, bisa didudut asile panliten. Dudutan ngenani asile panliten mujudake asile bab kang wigati lan cundhuk karo tujuwan ngandharake panliten. Dudutan kang bisa diandharake yaiku kaya ing ngisor iki:

Alam bebrayan ing kecamatan Dongko nduweni gegayutan tumrap legendha desa sakecamatan. Gegambaran alam kang saperangan gedhe mujudake lemah sawah ndadekake gedhene daya pangaribawa tumrap anane tradhisi. Ambane sawah ngancik 57% saka luas wilayah desa, kang ateges masyarakate saperangan gedhe nduweni pakaryan minangka petani. Saka ambane sawah kasebut, kang umume ditanduri pari nalika mangsa rendheng tumiba minangka tradhisi pakaryan tinggalane sesepuh ing jaman biyen. Saperangan gedhene saka ambane kecamatan mujudake lemah sawah ndadekake panyengkuyung sing kuat tumrap anane pakaryan tetanen minangka warisane sesepuh.

Bab religiusitas kang saperangan gedhe masyarakat kasebut ngugemi agama islam uga mujudake yen ing biyen para pembabat alas minangka pangumbara kan nggawa agama Islam ing saperangan gedhe desa ing kecamatan Dongko.

Pendhidhikan masyarakat kang isih kagolong endhek ndadekake eksistensi sastra lisan crita asal-usul desa ing kecamatan Jogoroto isih kajaga kahanane senanajn ana saperangan wong kang nduweni pendhidhikan dhuwur kang uga melu nyengkuyung.

Babagan pangupajiwa, saperangan gedhe masyarakat ing kecamatan Dongko nduweni pengaweyan minangka petani. Bab iku ndadekake gedhene panyengkuyung tumrap sastra lisan crita asal-usul desa ing kecamatan Dongko amarga pakaryan tani iki dhewe uga warisan saka sesepuh kang wis mabad alas ing dhaerah-dhaerah kasebut.

Panyengkuyung eksistensi folklor lisan legendha desa ing kecamatan Dongko kawawas saka gegambaran alam, sistem religius, pendhidhikan, pangupajiwa uga basa kang digunakake masyarakat sabendinane.

Legendha desa ing kecamatan Dongko kabupaten Trenggalek minangka salah sawijine perangan folklor lisan lokal kang isih urip ing satengahe masyarakat ing jaman modern. Legendha utawa asal-usul desa iki isih tetep ana ing saperangan warga senajan mung satitik, lan ora akeh bab kang dimangerteni. Isih saperangan warga kang isih nyengkuyung lan ngugemi yen sasra lisan lokal ngenani legendha desa sakecamatan iki ngrembaka lan didadekake minangka sarana piwulang budhi pekeri.

Legendha desa ing kene uga gegayutan karo teges lan makna. Amarga sajrone Teges yaiku konsep kang

nyawijekake antarane maksud lan makna saengga pungkasan bisa dadi teges kang cetha. Saliyane iku, teges kasebut uga ana sesambungane karo jenenge desa, amarga sajrone jenenge desa kasebut ngandhut teges kang jero. Dene makna kasebut ana sesambungane karo jenenge desa amarga sajrone jenenge desa kasebut ngandhut makna. Anggone nggoleki maknane jenenge desa kasebut bisa kanthi cara takon marang narasumber utawa ana ing kamus. Saliyane iku, makna uga ana sesambungan karo jenenge desa amarga sajrone jeneng kasebut ngandhut makna kang bisa digoleki kanthi cara maca kamus-kamus basa utawa takon menyang wong kang ngerti legendha desa iku dhewe.

Legendha desa uga nduweni fungsi kang nggunakake panemune Hutomo (1991) kang merang fungsi sastra lisan iku dadi 8, nanging kang digunakake sajrone panliten iki yaiku : (1) Minangka sistem proyeksi, (2) Minangka piranti pendhidhikan bocah, (3) Kanggo menehi sawijining dalan becik marang masyarakat supaya luwih tinimbang liyan,

Dene nilai budaya kang ana ing *Legendha Desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek* yaiku (1) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo Gustine; (2) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo jagad; (3) nilai budaya gegayutan antarane manungsa karo manungsa liyane utawa minangka makhluk *sosial*; (4) nilai budaya gegayutane manungsa karo masyarakat.

## 2. Pamrayoga

Panliten ngenani asal-usul desa ikimujudake panliten babagan sastra lisan kang mbutuhake anane pamrayoga. Kairing jaman kang saya modern, akeh kabudayan Jawa kang kalindhih kabudayan manca. Kanggo pangrembakaning lan *eksistensi* sastra lisan lokal, utamanae ing kene crita legendha desa ing Kecamatan Dongko, mbutuhake panyengkuyung saka masyarakat pangugeme supaya sastra lisan iki tansah kajaga kalungguhane ing satengahane masyarakat modern.

Panliten ngenani legendha desa iki minangka salah sawijining tuladha kanggo nguri-uri kabudayan Jawa lan sastra lisane, mula panliti nduweni pangarep-arep supaya isih ana kang nganakake panliten babagan sastra lisan sarta aweh panyengkuyung tumrap lumakune kabudayan Jawa satengahing masyarakat ing jaman modern.

## KAPUSTAKAN

Aminudin. 1988. *Semantik*. Bandung:Sinar Baru.

Danandjaja, James. 1991. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng dan Lain- lan*. Jakarta: Grafiti Press.

Djamaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya dalam Beberapa Karya Sastra Daerah di Sumatera*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Fitria, Norman. 2005. *Asal- usul Nama Desa di Kecamatan kauman Kabupaten Tulungagung*. Skripsi. Surabaya: Program S1 Universitas Negeri Surabaya

Hadiyanto, A. Yanto. 2007. *Cerita Asal- usul nama Desa di Kecamatan Deket Kabupaten Lamongan (Kajian Struktur, Fungsi, dan Nilai Budaya)*. Skripsi. Surabaya: Program S1 Universitas Negeri Surabaya.

Hutomo, Suripan Sadi. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Jatim:Hiski.

Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta : Balai Pustaka

Lantini, Indah Susi. 1996. *Refleksi Nilai- Nilai Budaya Dalam Serat Surya Raja*. Depdikbud, Jakarta:CV. Putra Sejati Raya

Moleong, Lexy J. 2001. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Nasution, S. 1982. *Metode Penelitian Naturalistik Kualitatif*. Bandung: Tarsito.

Pateda, Mansoer.2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: PT.  
Rineka Cipta.

Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan teknik  
Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian  
Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wahana

Suyono. 1990. *Cerita Asal-usul Nama Tempat Sebagai  
Bahan dalam Sastra Indonesia*.  
Surabaya:Jurusan Bahasa dan Sastra Indonsia  
FBS IKIP Surabaya-kampus Ketintang.

Wijana, Dewa Putu dan Rohmadi, Muhammad. 2011.  
*Semantik Teori dan Analisis*.Surakarta:Yuma  
Pustaka.

